

FÒM SOU ENFÒMASYON MEDIKAL PRIVE 2021-2022



Non Elèv la _____ # ID Polk li: 5300- _____ Klas _____ Pwofesè _____

Dat Nesans _____ Sèks _____ Telefòn Lakay: 1e _____ 2e _____ # Bis la _____
Mwa/Jou/Ane

<p align="center">Paran oswa Responsab la dwe ranpli paj sa a, siyen do fòm sa a epi voye l retounen nan lekòl la. Tanpri fè tchèk nan ti kare pi ba a ki reprezante nenpòt pwoblèm pitit ou a ta genyen. Remak: pou keksyon medikaman, tanpri make ti kare "wi" a sèlman si timoun nan ap pran medikaman kounye a.</p>	
1.	<input type="checkbox"/> Alèji ak: <input type="checkbox"/> manje: _____ Alèji ak: <input type="checkbox"/> Medikaman: _____ <input type="checkbox"/> Foumi, <input type="checkbox"/> Gèp, <input type="checkbox"/> Myel, <input type="checkbox"/> Bagay nan Antouray la oswa lòt bagay. Ekri non sa li fè alèji yo: _____ Presize ki kalite reyaksyon li fè: <input type="checkbox"/> Bouton, <input type="checkbox"/> Anflamasyon, <input type="checkbox"/> Ti Boul sou po, <input type="checkbox"/> Pwoblèm respirasyon, <input type="checkbox"/> Vomi, <input type="checkbox"/> Dyare, <input type="checkbox"/> Lòt _____ <input type="checkbox"/> L'ap pran medikaman pou alèji. Non medikaman an: _____ Èske timoun nan bezwen yon dyèt (yon kalite manje) espesyal? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non (si wi, lekòl la ap mande yon doktè pou bay yon Fòm Chanjman Dyèt). Pran yon Fòm Chanjman Dyèt sou entènèt oswa nan men Administratè Nitrisyon nan Lekòl la)
2.	<input type="checkbox"/> Opresyon. Dekouvri a ki laj: _____ Li nan swen doktè kounye a? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Lis bagay ki pwovoque maladi a: _____ <input type="checkbox"/> L'ap pran medikaman pou opresyon an. Non medikaman an _____
3.	<input type="checkbox"/> Pwoblèm Pèt Atansyon/Twoò Aktif (ADD/ADHD). <input type="checkbox"/> L'ap pran medikaman. Non medikaman an: _____
4.	<input type="checkbox"/> Otis <input type="checkbox"/> Dokte fe dyagnostik <input type="checkbox"/> pran medikaman. Non medikaman li pran _____
5.	<input type="checkbox"/> Maladi otoiminite (Lupus, etc.) Esplike: _____
6.	<input type="checkbox"/> Pwoblèm nan San <input type="checkbox"/> Anemi Falsifòm <input type="checkbox"/> Pwoblèm Pèt san. Presize: _____
7.	<input type="checkbox"/> Kansè. Eksplike _____
8.	<input type="checkbox"/> Fibwoz kistik <input type="checkbox"/> L'ap pran medikaman. Non medikaman an: _____
9.	<input type="checkbox"/> Dyabèt. L'ap pran ensilin? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Èske timoun nan dwe resevwa medikaman ensilin nan lekòl la? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> L'ap pran medikaman. Non medikaman an: _____ <input type="checkbox"/> Sik nan san li ba. <input type="checkbox"/> L'ap pran medikaman. Non medikaman an _____
10.	<input type="checkbox"/> Pwoblèm dijestif. Eksplike: _____
11.	<input type="checkbox"/> Shòk nan tèt (grav). Eksplike: _____
12.	<input type="checkbox"/> Pwoblèm tande <input type="checkbox"/> Li itilize aparèy pou l tande. <input type="checkbox"/> Zorey sou bo dwat <input type="checkbox"/> Zorey sou bo goch
13.	<input type="checkbox"/> Maladi Kè. Eksplike: _____ Li nan swen doktè pou pwoblèm sa a? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non; Okenn aktivite yo mande l pou l pa fè? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non. Si wi, eksplike: _____
14.	<input type="checkbox"/> Li fè tansyon <input type="checkbox"/> L'ap pran medikaman. Non medikaman an _____
15.	<input type="checkbox"/> Maladi ren oswa maladi vesi. Eksplike _____ <input type="checkbox"/> Sa mande yon katete. Eksplike ki tip de katete: _____
16.	<input type="checkbox"/> Maladi mantal. <input type="checkbox"/> L'ap pran medikaman. Non medikaman an _____
17.	<input type="checkbox"/> Migrèn. L'ap pran swen doktè pou migrèn? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non: <input type="checkbox"/> L'ap pran medikaman. Non medikaman an _____
18.	<input type="checkbox"/> Maladi nan misk/zo/pwoblèm pou l fè mouvman. Eksplike _____
19.	<input type="checkbox"/> Maladi kriz. Ki kalite kriz: _____ Ki dènye fwa li te genyen li? _____ <input type="checkbox"/> L'ap pran medikaman. Non medikaman an _____
20.	<input type="checkbox"/> Pwoblèm vizyon. Eksplike: _____ <input type="checkbox"/> Linèt <input type="checkbox"/> Vè Kontak
21.	<input type="checkbox"/> Lòt maladi ki pa nan lis sa a. Eksplike _____ <input type="checkbox"/> Lòt medikaman l'ap pran ki pa nan lis pi wo a: _____
22.	<input type="checkbox"/> Pitit mwen an pa genyen okenn nan pwoblèm oswa maladi ki nan lis sa a.

REMAK: Itilize seksyon ki make "kòmantè" a nan do paj sa a pou w bay plis eksplikasyon oswa plis enfòmasyon sou lasante.

Non Lekòl la: _____

Klas: _____

Tout Non Eklèw la: _____

Dat Nesans: _____

Non Dokte ya: _____

Nimewo Telefon Dokte ya: _____

Lòt Komantè oswa lòt Enfòmasyon sou Lasante:

Èske pitit ou a gen asirans sante? (prive, Medicaid, etc.) Wi Non

Si l pa genyen, èske w vle yo voye enfòmasyon ba ou konsènan asirans timoun ki rele Florida KidCare, ki se yon opsyon asirans lasante gratis oswa ki pa koute chè leta nan Florid bay? Wi Non

Ki pi bon nimewo telefòn pou yon reprezantan swen sante kapab kontakte ou? _____

Mwen sètifye enfòmasyon mwen bay nan Fòm Enfòmasyon Medikal sa a egzat, vre e kòrèk. Mwen konprann lekòl la konsève tout enfòmasyon ak dosye medikal selon jan lalwa mande sa.

Dat: _____ Paraf Paran/Responsab ki Enskri Elèv la _____

Ekri Non Paraf Paran/Responsab ki Enskri Elèv la: _____

AVI SOU SÈVIS PWOGRAM LASANTE

Sèvis Pwogram lasante nan Lekòl nan Kanton Polk la gen ladan li evalyasyon, siveyans maladi transmisib ak swen dijans. Li gen ladann tou examen sante leta sa yo enpoze: egzamen vizyon pou klas Preskolè, Jaden Danfan, 1e ane, 3è ane, 6è ane epi pwogram vakans lete; egzamen tandè nan klas Preskolè, Jaden Danfan, 1e ane, 6è ane; egzamen sou grandi (kwasans) ak devlopman/Kantite Pwa kò a genyen (BMI) pou klas Preskolè, 1e ane, 3è ane, 6è ane; tansyon elèv Head Start Preskolè ak egzamen pou detekte koub bò kote moun pou klas 6è ane. Anplis, y'ap fè egzamen vizyon e/oswa tandè pou chak elèv nan kèlkeswa klas li ye pou rasire yo pa gen elèv ki gen pwoblèm vizyon e/oswa pwoblèm tandè. Anplis, ekip lekòl la ki responsab pou rezoud pwoblèm yo ka konplete triyaj etidyan endividyèl ki an ranpò ak aprantisaj, konpòtman, e/ou byennèt sosyo-emosyonèl selon bezwen yo pou asire gen miz anplas ki fèt pou enstriksyon e entèvansyon apropiye nan domèn sa yo. Si w pa vle pitit ou patisipe nan egzamen obligatwa sa yo, nou priye w pou w ranpli fòm ki rele Refize Egzamen Lasante Obligatwa a ki disponib nan lekòl pitit ou a. Ou ka jwenn fòm nan tou nan sit entènèt distri a ki se (www.polk-fl.net/parents/formsanddocuments/default.htm). Ou dwe ranpli fòm refize egzamen an e soumèt li chak ane lekòl ou pa vle yo fè egzamen pou pitit ou.

Pou pitit ou a resevwa medikaman oswa tretman medikal nan lekòl la, chak ane lekòl ou dwe bay yon nouvo fòm ki rele Fòm Otorizasyon pou Medikaman/Tretman ou menm ak doktè pitit ou a siyen pou sa. Se yon moun majè ki dwe pote tout medikaman pitit ou nan lekòl la. Se paran an/responsab elèv la ki dwe bay tout medikaman e/oswa ekipman medikal elèv la.

Yo fè w obligasyon pou w ranpli Fòm Dijans ak Fòm Ki gen Enfòmasyon Kote pou yo Kontakte w la, epi pou w renouvle enfòmasyon yo chak ane oswa nenpòt lè enfòmasyon ou chanje. Pèsonèl lekòl la ap kontakte w pou w vin chache pitit ou si l pa kapab rete lekòl la akòz maladi oswa aksidan. Si pèsonèl lekòl la pa kapab jwenn ou, y'ap kontakte youn nan moun majè ki gen non yo nan Fòm Ki gen Enfòmasyon Kote pou yo Kontakte w la e ki gen dwa pou vin chache pitit ou. Pèsonèl lekòl la ap kontakte Sèvis Medikal Dijans nan ka dijans pou pran kèlkeswa mezi ki nesèsè pou asire sante oswa sekirite pitit ou. Paran yo responsab peye kèlkeswa swen e/oswa transpò dijans pitit yo bezwen.

Lekòl Piblik nan Kanton Polk la ap divulge enfòmasyon nan dosye lekòl elèv sèlman selon jan lalwa mande sa. Li kapab nesèsè pou divulge kèk enfòmasyon konsènan pitit ou a avèk asosye swen lasante Direksyon Jeneral Lekòl la nan lide pou bay swen e evalye sèvis lasante oswa pou jwenn tretman medikal dijans. Yo ka divulge dosye lekòl pitit ou tou bay ofisyèl lekòl ki gen yon objektif edikasyon lejitim pou jwenn aksè nan dosye sa yo. Konsa, se responsablite w pou w avèti lekòl la sou nenpòt chanjman ki genyen nan enfòmasyon ki anrejistre nan fòm sa a.

Direksyon Jeneral Lekòl nan Kanton Polk nan Florid entèdi nan pwogram li, sèvis, aktivite oswa anplwa l'ap bay tout fòm diskriminasyon ak pèsèkisyon ki chita sou ras, koulè, sèks, relijyon, peyi moun soti, eta marital, laj, moun ki pa gen kote pou yo rete oswa moun ki enfim, oubyen nenpòt kalite diskriminasyon lalwa entèdi. Pou w fè yon plent, ou kapab kontakte Biwo Ekite ak Respè Prensip Depatman Sèvis Resous Imèn nan (863) 534-0513.

Kèlkeswa adaptasyon ou ta bezwen pou w ranpli fòm nan paske w andikape, rele (863) 534-0781. Si w gen pwoblèm pou w tandè, rele Sèvis Relè nan Florid pou w kontakte Distri Lekòl Kanton Polk la nan nimewo 1-800-955-8771.